

# Vwayaj ki pi an sekirite

## Pou pasaje ki pi piti yo...

### Chèz ki gade dèyè sèlman/kalite transpò



- Tcheke etikèt chèz la— yo ka itilize kèk nan chèz yo pou ti bebe ki premature ki peze 4 liv oswa plis; gen lòt ki kòmanse ak yon pwa ti bebe 5 liv.
- Itilize l jiskaske tèt timoun nan depase dosye chèz la de yon pou oswa lè timoun nan rive nan limit pwa chèz la, apresa itilize yon chèz ajistab ki gade dèyè (yon chèz machin ki pi gwo ki rete nan machin nan).
- Enstale l avèk ou byen san baz la nan yon machin.

### Chèz Ajistab oswa Tout-nan-Youn yo itilize dèyè

- Kenbe timoun nan pozisyon sou dèyè nan chèz sa a jiskaske li rive nan limit pwa ak wotè gade dèyè a, ak yon minimòm jiska laj 2 zan.
- Pa enkyete pou pye timoun nan ki koube oswa k ap frape kousen an-pwolonjman gade dèyè a pwoteje tèt ak kou fèb timoun nan!
- Lè timoun nan rive nan limit gade dèyè a, li manyèl chèz la pou w konnen kijan pou w fè l gade devan.



### Konsèy pou w itilize nenpòt chèz ki gade dèyè byen

- Ajiste bann yo **nan** oswa **pi ba** zepòl timou nan.
- Kenbe bann yo byen ajiste toutan w ap itilize chèz la.
- Mete bouk pwartrin lan nan nivo anbabra a.
- Itilize eponj oswa zorye ki vini ak chèz la sèlman epi tcheke enstriksyon yo pou w konnen kijan ak kilè pou w itilize ak retire yo.
- Toujou byen li enstriksyon chèz machin nan AK manyèl machin nan pou detay sou itilizasyon ak enstalasyon.

Ou gen yon pwoblèm chèz machin? Tcheke nan entènèt la pou w jwenn vidéyo manifakti chèz machin nan oswa ale nan: [www.nhtsa.gov/parents-and-caregivers](http://www.nhtsa.gov/parents-and-caregivers).

Nan Maryland, rele Kids in Safety Seats nan 1-800-370-SEAT pou èd pèsonèl.

